



**U.S. DEPARTMENT OF HOUSING AND URBAN DEVELOPMENT**  
WASHINGTON, DC 20410-2000

OFFICE OF FAIR HOUSING  
AND EQUAL OPPORTUNITY

9 fevriye 2011

**MEMORANDÒM POU:** Direktè biwo FHEO  
Direktè rejjonal FHEO

**DE:** Sara K. Pratt, Asistan sekretè adjwen pou aplikasyon ak pwogram

**SIJÈ:** Evalye plent diskriminasyon nan lojman kont viktim vyolans familyal daprè Lwa sou Lojman Ekitab (Fair Housing Act - FHAct) ak Lwa sou Vyolans kont Fi (Violence Against Women Act - VAWA)

---

**I.** Objektif

Memorandòm sa a bay katye jeneral ak pèsonèl itineran Lojman Ekitab ak Opòtinite Egal (Fair Housing and Equal Opportunity - FHEO) la direktiv sou fason pou yo evalye plent viktim vyolans familyal yo pote konsènan diskriminasyon nan zafè lojman daprè Lwa sou Lojman Ekitab la (FHAct). Jeneralman plent sa yo baze sou sèks, men yo ka enplike tou lòt klas ki pwoteje, an patikilye ras oswa orijin nasyonal. Memorandòm sa a diskite teyori legal ki dèyè plent sa yo epi li bay kèk egzanp ka resan ki enplike alegasyon diskriminasyon nan zafè lojman kont viktim vyolans familyal. Memorandòm sa a eksplike fason Lwa sou Vyolans kont Fi (VAWA)<sup>1</sup> a pwoteje viktim vyolans familyal kont ekspilsyon, refi lojman oswa kote yo tèmine asistans viktim nan t ap resevwa sou baz vyolans abizè yo a te komèt.

**II.** Antesedan

Moun ki siviv vyolans familyal souvan konn fè fas a diskriminasyon nan zafè lojman akoz antesedan yo oswa akoz aksyon abizè yo a. Kongrè a te rekonèt “fi ak fanmi nan tout peyi a ap sibi diskriminasyon, yo refize yo gen aksè nan lojman publik oswa lojman leta sibvansyone e yo menm ekspilse yo akoz estati yo antanke viktim vyolans familyal.”<sup>2</sup> Otorite nan zafè lojman yo ak pwopriyetè yo ekspilse viktim yo sou baz politik zewo tolerans pou krim, kote yo fè konnen vyolans sou yon manm nan fanmi an, vizitè oswa yon lòt moun se yon bagay ki sou “kontwòl” viktim nan<sup>3</sup>. Souvan yo konn ekspilse viktim yo aprè plizyè apèl lapolis pou ensidan vyolans familyal paske yo fè konnen ensidan sa yo deranje lòt lokatè yo. Yo ekspilse viktim yo tou akoz domaj abizè yo koze

---

<sup>1</sup> Direktiv sa a refere a Vyolans Kont Fi ak Lwa Reotorizasyon Depatman Lajistics ane 2005 (VAWA 2005), ki te gen ladan 1 dispozisyon nan Tit VI (“Opòtinite pou Lojman ak Sekirite pou Fi ak Timoun yo Bat”) ki aplikab a pwogram HUD yo. Vèsyon orijinal VAWA a , ki te pase an 1994, pat aplike a pwogram HUD yo. Note tou HUD te resamman pibliye Règ Final VAWA li a. *Gade Pwogram HUD: Chanjman pou Konfòme a Lwa sou Vyolans Kont Fi; Règ Final, 75 Fed. Reg. 66246 (27 oktòb 2010).*

<sup>2</sup> 42 U.S.C. § 14043e(3) (konklizyon pibliye nan Lwa sou Vyolans Kont Fi). Note VAWA pwoteje viktim vyolans familyal ki se gason tou. *Gade Pwogram HUD: Chanjman pou Konfòme a Lwa sou Vyolans Kont Fi; Règ Final, 75 Fed. Reg. 66246, 66251 (“VAWA 2005 pwoteje gason. Byenke non lwa a fè referans a fi sèlman, sibstans lwa a rann li klè pwoteksyon li bay yo pa aplikab a fi sèlman.”).*

<sup>3</sup> *Gade 24 CFR § 5.100.*

nan kay la. Nan anpil nan ka sa yo, aksyon advès nan zafè lojman pini viktim yo pou vyolans yo fè sou yo. “Viktimizasyon doub”<sup>4</sup> sa a pa jis, epi jan sa eksplike nan direktiv sa a, sa ka menm ilegal.

Statistik yo montre se fi ki an majorite viktim vyolans familyal.<sup>5</sup> Yo estime genyen 1,3 milyon fi ki se viktim agresyon nan men yon patnè entim chak ane, epi apeprè 1 fi sou 4 pral fè eksperyans vyolans nan men yon patnè entim nan lavi yo.<sup>6</sup> Biwo Statistik Jistis Ozetazini te jwenn anviwon 85% viktim vyolans familyal se fi.<sup>7</sup> An 2009, fi te gen senk fwa plis chans pase gason pou yo viktim vyolans familyal.<sup>8</sup> Statistik sa yo montre diskriminasyon kont viktim vyolans familyal se prèske toujou diskriminasyon kont fi. Kidonk, moun ki siviv vyolans familyal epi yo refize ba yo kay, yo ekspilse yo oswa yo refize ba yo asistans akoz vyolans ki fèt lakay yo ka genyen yon koz dakson pou diskriminasyon ki baze sou sèks daprè Lwa sou Lojman Ekitab la (Fair Housing Act).<sup>9</sup>

Anplis de sa, gen kèk lòt klas ki pwoteje ki sibi vyolans familyal nan yo nivo ki dispopòsyonèlman wo. Pa egzanp, fi afriken-ameriken ak ameriken natif natal sibi plis vyolans familyal pase fi blan. Fi nwa yo sibi vyolans nan men patnè entim yo nan yon nivo ki 35% pi wo pase fi blan, epi apeprè 2,5 fwa plis pase fi nan lòt ras yo.<sup>10</sup> Fi ameriken natif natal yo viktim krim vyolan, ikonpri vyòl ak agresyon seksyèl, nan yon nivo ki de fwa plis pase lòt gwoup rasyal yo.<sup>11</sup> Fi kèk orijin nasyonal ak fi imigran yo tou sibi vyolans familyal nan nivo ki dispopòsyone pa rapò ak lòt gwoup.<sup>12</sup> Sa vle di viktim vyolans familyal yo ka genyen yon koz dakson tou pou diskriminasyon ki baze sou ras oswa orijin nasyonal daprè Lwa sou Lojman Ekitab la (Fair Housing Act).

### III. Règ “Yon kou” HUD la ak Lwa sou Vyolans kont Fi (Violence Against Women Act - VAWA)

An 2001, Depatman an te pibliye yon règ ki pèmèt komisyon lojman ak pwopriyetè yo ekspilse lokatè pou aktivite kriminèl nenpòt mamm ki abite nan kay la oswa vizitè yo, ki komineman rele règ “yon kou” a.<sup>13</sup> Règ la pèmèt pwopriyetè lojman piblik ak lojman ki resevwa asistans Seksyon 8 pou yo mete fen nan kontra afèmaj yon lokatè akoz aktivite kriminèl “yon lokatè, nenpòt

<sup>4</sup> Gade Lenora M. Lapidus, *Doubly Victimized: Housing Discrimination Against Victims of Domestic Violence*, 11 J. GENDER, SOC. POL’Y & L. 377 (2003).

<sup>5</sup> Nou rekonèt gason viktim vyolans familyal tou. Sepandan, akoz gwo inegalite nan moun ki viktim yo, epi paske anpil reklamasyon FHAct pral baze sou enpak dispopòsyone vyolans familyal genyen sou fi, nou itilize pwonon feminen atravè direktiv sa a.

<sup>6</sup> Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, Sant Nasyonal pou Prevansyon ak Kontwòl Blesi, *Costs of Intimate Partner Violence Against Women in the United States* (2003).

<sup>7</sup> Depatman Lajistis Etazini, Biwo Pwogram Jistis, Biwo Jistis Statistik sou Done Krim, *Intimate Partner Violence, 1993-2001* (2003).

<sup>8</sup> Jennifer R. Truman & Michael R. Rand, Depatman Lajistis Etazini, *Criminal Victimization, 2009* (2010).

<sup>9</sup> Yo ta va analize vyolans familyal sou patnè menm sèks nan menm fason epi li ta va baze sou sèks ak tout lòt klas pwoteje ki aplikab.

<sup>10</sup> *Id., (Repetisyon referans ki anwo a)*

<sup>11</sup> Steven W. Perry, Depatman Lajistis Etazini, NCJ 203097, *A Bureau of Justice Statistics Statistical Profile, 1992-2002: American Indians and Crime* (2004).

<sup>12</sup> Pou statistik sou gwoup espesifik, gade Asosyasyon Bawo Ameriken Komisyon sou Vyolans Familyal, Sondaj sou statistik resan yo, <http://new.abanet.org/domesticviolence/Pages/Statistics.aspx>.

<sup>13</sup> Depistaj ak ekspilson pou abi dwòg ak lòt aktivite kriminèl, 66 Fed. Reg. 28776 (24 me 2001) (amande 24 CFR pts. 5, 200, 247, 880, 884, 891, 960, 966, ak 982) (souvan yo refere 1 kòm règ “yon sèl kou” a).

manm nan fanmi lokatè a, yon vizitè oswa yon lòt moun ki sou kontwòl lokatè a”<sup>14</sup> ki “menase sante, sekirite, oswa dwa lòt rezidan yo (ikonpri pèsonèl jesyon pwopriyete a k ap viv sou plas) genyen pou yo jwi pwopriyete a nan lapè; oswa... ki menase sante, sekirite oswa dwa moun ki abite ozanviwon pwopriyete a pou yo jwi kay yo nan lapè.”<sup>15</sup> Politik sa a sanble li ta va pèmèt ekspilsyon fi pou zak vyolan konjwen yo, patnè ki abite avèk yo, oswa vizitè yo. Sepandan, Lwa sou Vyolans kont Fi a ak Lwa Reotorizasyon Depatman Lajistis ane 2005 lan (VAWA)<sup>16</sup> entèdi ekspilsyon nan pwogram lojman piblik, koupon ak pwojè Seksyon 8. VAWA pwoteje viktim vyolans familyal, vyolans nan men yon mennaj, agresyon seksyèl ak asèlman.<sup>17</sup>

Daprè VAWA lefètke ou se yon viktim vyolans familyal, vyolans nan men yon mennaj, oswa asèlman se pa yon baz pou yo refize ba w asistans oswa pou jwenn kay nan lojman piblik oswa asistans kòm lokatè Seksyon 8 oswa lokatè pwojè. Anplis de sa, yo pa pral entèprete ensidan oswa menas abi kòm vyolasyon grav oswa vyolasyon repeète afèmaj la oswa kòm yon lòt “bon koz” pou tèmine asistans, lokasyon oswa dwa okipasyon yon viktim abi. Deplis, VAWA entèdi pou tèmine asistans, lokasyon oswa dwa okipasyon ki baze sou aktivite kriminèl ki gen rapò dirèk ak vyolans familyal, vyolans nan men yon mennaj, oswa asèlman, yon manm nan fanmi lokatè a ta fè oswa nenpòt envite oswa lòt moun sou kontwòl lokatè a si lokatè a oswa manm pwòch nan fanmi lokatè a se yon viktim vyolans familyal, vyolans nan men yon mennaj oswa asèlman an.<sup>18</sup>

Epitou VAWA pèmèt pwopriyetè yo ak ajan jesyon yo pou yo mande yon lokatè sètifikasyon si li se yon viktim vyolans familyal, vyolans nan men mennaj oswa asèlman epi ensidan (yo) sou menas abi oswa abi yo menm veridik pou detèmine si pwoteksyon VAWA ofri aplikab nan ka sa yo.<sup>19</sup> Depatman an te pibliye kèk fòm pou komisyón lojman yo ak pwopriyetè yo pou yo itilize demann sètifikasyon sa yo,<sup>20</sup> men lokatè yo tou ka prezante dokimantasyon sou abi tyès pati, ikonpri dosye tribunal, rapò lapolis, oswa dokimantasyon yon anplwaye, ajan oswa yon

<sup>14</sup> 24 CFR § 5.100.

<sup>15</sup> 24 CFR § 5.859.

<sup>16</sup> Pub. L. 109-162, 119 Stat. 2960 (2006). Pou règ final Depatman an sou VAWA, gade Pwogram HUD: Chanjman pou Konfòme a Lwa sou Vyolans Kont Fi; Règ Final, 75 Fed. Reg. 66246 (27 oktòb 2010) (amande 24 CFR pts. 5, 91, 880, 882, 883, 884, 886, 891, 903, 960, 966, 982, ak 983).

<sup>17</sup> Yo defini chak nan tèm sa yo nan regilasyon ki koresponn nan VAWA ak HUD yo. *Gade Pwogram HUD: Chanjman pou Konfòme a Lwa sou Vyolans Kont Fi; Règ Final, 75 Fed. Reg. 66246, 66258.*

<sup>18</sup> Note eksepsyón nan dispozisyon sa yo nan 24 C.F.R. § 5.2005(d)(2), ki deklare VAWA pa limite otorite yon ajans lojman piblik (PHA), pwopriyetè, oswa ajan jesyon pou ekspilse oswa tèmine asistans yon lokatè si yo ka demonstre yon menas aktyèl ak iminan pou lòt lokatè yo oswa moun ki anplwaye oswa ki bay sèvis nan pwopriyete a si yo pa tèmine kontra lokatè sa a. Sepandan, eksepsyón sa a limite akoz §5.2005(d)(3), ki deklare yon PHA, pwopriyetè oswa ajan jesyon ka tèmine asistans sèlman lè pa gen ankenn lòt aksyon ki ta ka redui oswa elimine menas la. Lòt aksyon yo enkli transfere viktim lan nan yon lòt apatman, anpeche moun ki komèt krim lan rantre sou pwopriyete a, kontakte lapolis pou ogmante prezans lapolis oswa devlope lòt plan pou kenbe pwopriyete a san danje, oswa chèchè lòt rekou legal pou anpeche yon moun aji sou yon menas li fè.

<sup>19</sup> 42 U.S.C. §1437d(u)(1)(A) (pwogram lojman piblik), 42 U.S.C. §1437f(ee)(1) (pwogram koupon).

<sup>20</sup> HUD Housing Notice 09-15 transmèt Fòm HUD-91066, Sètifikasyon vyolans familyal, vyolans nan men yon mennaj, oswa asèlman pou pwopriyetè ak ajan jesyon yo itilize pou administre pwogram pwojè lojman miltifanmi ki baze sou Seksyon 8 ak fòm HUD-91067, adendòm kontra afèmaj HUD-apwouve, pou yo itilize avèk kontra afèmaj HUD pou pwojè ki nan pwogram Seksyon 8 la. Lojman piblik ak pou endyen HUD Notis 2006-42 transmèt fòm HUD-50066, Sètifikasyon vyolans familyal, vyolans nan men yon mennaj, oswa asèlman, pou itilize nan pwogram lojman piblik, pwogram koupon chwa lojman (ikonpri koupon pou pwojè), Pwogram sètifikasyon ki baze sou pwojè Seksyon 8, ak pwogram reyadaptasyon modere Seksyon 8. Gade tou PIH Notice 2006-23, Aplikasyon Lwa sou Vyolans kont Fi ak Lwa Reotorizasyon Depatman Lajistis ane 2005 lan.

volontè yon founisè sèvis pou viktim, yon avoka oswa yon pwofesyonèl medikal kote viktim nan te al chèche asistans pou pale de abi a oswa sou efè abi a.<sup>21</sup> Finalman, VAWA pèmèt komisyon lojman yo ak pwopriyetè yo pou yo divize yon kontra afèmaj nan yon sitiyasyon kote gen vyolans familyal pou yo ka ekspilse abizè a epi pèmèt viktim nan rete nan kay la.<sup>22</sup>

Byenke VAWA bay anpil pwoteksyon pou viktim vyolans familyal, gen limit nan pwoteksyon li bay. Pa egzanp, li pa kouvri domaj.<sup>23</sup> Anplis de sa, VAWA pa bay yon koz dakson prive ki eksplisit pou fi yo ekspilse ilegalman. Deplis, VAWA sèlman pwoteje fi nan pwogram lojman publik, koupon ak pwogram pwojè Seksyon 8, konsa viktim vyolans familyal yo ki nan kay prive pa gen pwoteksyon kont aksyon yo ka pran kont yo daprè vyolans sa a. VAWA ka pa pwoteje tou yon fi ki pa bay dokimantasyon vyolans yo mande pou bay,<sup>24</sup> alòske yon plent pou diskriminasyon daprè Lwa sou Lojman Ekitab la pa depann de konfòmite a kondisyon VAWA yo. An brèf, lè yo refize bay yon viktim lojman, yo ekspilse l oswa yo te tèmine asistans li paske li se yon viktim vyolans familyal, FHAct ka enplike epi nou ka bezwen fè envestigasyon pou wè si refi a baze sou, pa egzanp, ras oswa sèks.

#### IV. Teyori legal daprè Lwa sou Lojman Ekitab la: Prèv dirèk, tretman inegal, ak enpak dispopòsyone

*Prèv dirèk.* Nan kèk ka, pwopriyetè yo fè respekte politik ki aparammman diskriminatwa. Politik sa yo eksplisitman trete fi diferamman de gason. Souvan politik sa yo konn baze sou opinyon prekonsi moun genyen konsènan fi ki viktim abi. Pa egzanp, si yon pwopriyetè di yon viktim vyolans familyal ki se yo fi li pa aksepte fi ki gen yon antedesan vyolans familyal kòm lokatè paske yo toujou retounen jwenn gason ki abize yo a, deklarasyon li a se yon prèv dirèk diskriminasyon ki baze sou sèks. Envestigasyon nan ka prèv dirèk yo dwe fokalize sou rechèch prèv konsènan si wi ou non deklarasyon diskriminatwa a te fèt, si wi ou non deklarasyon an te aplike a lòt moun pou idantifye lòt viktim potansyèl, epi si wi ou non li reflete yon politik oswa pratik pwopriyetè a. Keson abityèl yo ki abòde jiridiksyon aplike tou.

*Tretman inegal.* Nan kèk ka, yon pwopriyetè angaje l nan tretman inegal viktim vyolans familyal an konparezon ak viktim lòt krim. Oswa politik yon pwopriyetè ki sanble net parapò ak sèks ka aplike defason inegal, sa vin bay kòm rezulta differan tretman ki baze sou sèks. Pa egzanp, yon politik ki mande pou ekspilse fanmi pou aktivite kriminèl ka aplike selektivman kont fi ki te viktim abi nan men patnè yo men pa kont gason ki te fè vyolans familyal la. Si gen prèv yo trete fi yo defason differan akoz estati yo kòm viktim vyolans familyal, yon teyori tretman inegal aplikab. Si yon envestigate jwenn prèv tretman inegal, envestigasyon an chanje pou dekouvrir rezon repondan an genyen pou differans yo epi mennen envestigasyon pou chak rezon yo pou detèmine si prèv la sipòte oswa refite chak rezon. Si yo ta enonse rezon nondiskriminatwa, envestigasyon an

<sup>21</sup> 42 U.S.C. §1437d(u)(1)(C); 42 U.S.C. § 1437f(ee)(1)(c).

<sup>22</sup> 42 U.S.C. §1437d(l)(6)(B); 42 U.S.C. § 1437f(c)(9)(C) .

<sup>23</sup> Rekou ki disponib nan VAWA enkli, pa egzanp, pwosedi griyèf PIH. Gade Pwogram HUD: Chanjman pou Konfòme a Lwa sou Vyolans Kont Fi; Règ Final, 75 Fed. Reg. 66246, 66255.

<sup>24</sup> Byenke VAWA 2005 pèmèt pwopriyetè yo ak PHA yo pou mande viktim yo sètifikasyon vyolans familyal, lwa a pèmèt tou pou pwopriyetè yo ak PHA yo “[na]n diskresyon yo . . . ka bay yon moun benefis ki baze sèlman sou deklarasyon moun nan oswa lòt prèv ki apiye deklarasyon li.” 42 U.S.C.A. § 1437d(u)(1)(D); 42 U.S.C.A. § 1437(f)(ee)(1)(D).

chanje ankò pou egzamine prèv la pou detèmine si prèv la sipòte rezon yo te bay la oswa si se yon pretèks pou diskriminasyon.<sup>25</sup>

*Enpak dispopòsyone.* Nan kèk ka, pa gen ankenn prèv dirèk pou tretman inegal, men yon politik ki aparamman net sou lojman, pwosedi oswa pratik afekte viktим vyalans familyal defason dispopòsyone. Nan kèk ka, li ka apwopriye pou fè yon analiz sou enpak dispopòsyone. Ka enpak dispopòsyone souvan konn rive nan kontèks politik “zewo-tolerans”, kote yo ekspilse tout moun nan kay la pou aktivite kriminèl yon sèl manm nan kay la. Teyori a sèke, menm lè yo aplike 1 defason konsistan, politik sa yo ka afekte fi defason dispopòsyone paske, antanke viktим vyalans familyal an majorite, souvan yo ekspilse fi akoz vyalans moun k ap abize yo a.

Genyen kat etap nan yon analiz enpak dispopòsyone. Dabò, envestigatè a dwe idantifye politik, pwosedi oswa pratik espesifik pwopriyetè a ki sanse diskriminatwa. Pwosesis sa a siyifi ni idantifikasiyon politik, pwosedi oswa pratik la ni egzamen sou ki kalite krim ki deklannche aplikasyon politik la. Dezyèmmam, envestigatè a dwe detèmine si wi ou non politik, pwosedi oswa pratik sa a te aplike defason konsistan. Etap sa a enpòtan paske li revele kad ki kòrèk pou envestigasyon an. Si yo aplike politik la defason inegal, kidonk analiz ki kòrèk la se tretman ki inegal, se pa enpak dispopòsyone. Sepandan, si politik la te aplike defason konsistan sou tout lokatè yo, kidonk yon analiz enpak dispopòsyone aplike, epi envestigasyon an kontinye nan pwochen etap la.

Twazyèmman, envestigasyon an dwe detèmine si wi ou non politik, pwosedi oswa pratik sa a genyen yon enpak advès ki enpòtan sou viktим vyalans familyal epi si se sa, konbyen nan viktим sa yo ki se fi (oswa manm yon sèten ras oswa oriigin nasyonal). Jeneralman yo sèvi ak prèv statistik pou idantifye etandi enpak la sou yon gwoup ki pwoteje kont diskriminasyon. Statistik sa yo ta dwe patikilarize otan sa posib; yo te ka demontre enpak politik la sou aplikan yon biling oswa pwopriete presi, oswa enpak sou aplikan oswa rezidan pou tout operasyon pwopriyetè a. Pa egzanp, nan yon ka pou diskriminasyon akoz sèks, envestigasyon an ka dekovri prèv kote yo te ekspilse fi nan yon apatman plis pase gason daprè yon politik zewo-tolerans pou krim. Sa pa t ap fè ankenn diferans kote pwopriyetè a pat gen entansyon fè diskriminasyon kont fi, oswa li te aplike politik la defason konsistan. Reklamasyon prèv enpak dispopòsyone se pa yon syans ki egzat. Tribinal yo pa dakò sou ankenn pouvantaj presi oswa rapò ki etabli defason konkliyan yon ka lejitim. Olye de sa, sa yo konsidere kòm enpak dispopòsyone sifizamman pral depann de fè ak sikontans patikilye chak ka.

Si envestigasyon an revele yon enpak dispopòsyone ki baze sou sèks, ras oswa oriigin nasyonal, envestigasyon an atò vin chanje kote yo pral mande rezon ki fè repondan an aplike politik la. Li esansyèl pou envestige rezon sa yo afon. Poukisa yo te etabli politik la? Ki rezulta presi yo te vle pou l atenn oswa anpeche? Èske te gen ankenn evènman ki te deklannche yo? Èske yo te konsidere ankenn altènatif, e si wi, poukisa yo te rejte yo? Èske genyen ankenn prèv politik la te efikas? Sa yo konsidere kòm jistifikasyon sifizan pral varye daprè sikontans yo. Anjeneral, envestigasyon an pral egzamine si jistifikasyon yo ofri a a reyèl epi gen jistifikasyon komèsyal sibstansyèl ki sipòte li. Pou bi memorandòm sa a, li enpòtan pou konprann yon envestigasyon dwe idantifye epi evalye prèv ki sipòte epi prèv ki refite jistifikasyon an.

<sup>25</sup> *Gade McDonnell Douglas Corp. v. Green*, 411 U.S. 792 (1973) pou yon eksplikasyon fòmil chanjman-chaj la.

Menm si genyen jistifikasyon ki sifizan pou politik la, ka gen yon altènatif ki mwens diskriminatwa ki disponib pou repondan an. Yon envestigasyon sou enpak dispopòsyone dwe konsidere politik altènatif ki posib epi analize si chak politik ta ka atenn menm objektif avèk mwen enpak diskriminatwa. Pa egzanp, nan yon ka ekspilsyon diskriminatwa daprè yon politik zewo-tolerans, yon pwopriyetè ta ka adopte yon politik ekspilsyon sèlman pou moun ki komèt move zak la men pa viktим ki inosan yo. Politik sa a ta va pwoteje lokatè yo san yo pa penalize enjisteman viktим vyolans yo.

An rezime, yon envestigasyon yon ka enpak dispopòsyone dwe chèche prèv yon politik espesifik pwopriyetè a te koze yon enpak sibstansyèl, dispopòsyone, advès sou yon klas moun ki pwoteje. Pou pwouve yon reklamasyon enpak dispopòsyone pral jeneralman depann de done estatistik ki demonstre inegalite a yon lycen kozal ant politik la ak diparite a; entansyon diskriminatwa pa enpòtan.

#### V. Ka sou lojman ekitab ki enplike vyolans familyal

*Ka ekspilsyon.* Viktим yo souvan resevwa notis ekspilsyon aprè ensidan vyolans familyal. Pwopriyetè yo site danje abizè a reprezante pou lòt lokatè yo, domaj abizè a koze nan kay la, oswa lòt rezon pou ekspilsyon. Plizyè ka te konteste ekspilsyon sa yo kòm vyolasyon VAWA oswa Lwa sou Lojman Ekitab la.

*Alvera v. CBM Group*, Case No. 01-857 (D. Or. 2001).<sup>26</sup> Mari viktим nan te agrese l nan apatman yo a. Li te jwenn yon enjonksyon kont mari li, epi aprè sa yo te arete mari l epi mete mari a nan prizon pou agresyon an. Li te bay jeran pwopriyete a yon kopi enjonksyon an. Jeran pwopriyete a ba li yon notis ekspilsyon kote li te gen 24 èdtan pou l kite apatman an akoz ensidan vyolans familyal la. Notis la te presize: “Oumenm, yon moun ki sou kontwòl ou, oswa yon bêt domestik ou te gravman menase pou imedyatman enflije blesi pèsonèl sou pwopriyetè a oswa lòt lokatè yo.” Kidonk viktим nan mete yon aplikasyon pou l jwenn yon apatman ki gen yon chanm akouche nan menm bilding lan. Jesyon an rejte aplikasyon an epi refize aksepte lajan lwaye a. Aprè yon dezyèm aplikasyon, jesyon an finalman apwouve l pou yon apatman ki gen yon chanm, men yo avèti l “nenpòt kalite rekirans” vyolans familyal pral lakoz yo ekspilse l.

Viktим nan te depoze yon plent nan HUD, ki te envestige ka li a epi li te chaje gwoup jesyon apatman an avèk diskriminasyon. Li te chwazi pouswiv ka a nan tribunal federal. Pita pati yo te dakò pou yo regle pousuit jidisyè a. Dekrè konsantman an, tribunal enstans Oregon nan te apwouve an 2001, egzije pou gwoup jesyon an dakò pou l pa “ekspilse, oswa fè diskriminasyon kont lokatè paske yo se viktим vyolans, ikonpri vyolans familyal” epi pou l chanje politik li a ann akò ak lòd sa a. Anplwaye gwoup jesyon an dwe patisipe nan edikasyon konsènan diskriminasyon ak lwa sou lojman ekitab. Gwoup jesyon an dakò tou pou l peye viktим nan domaj konpansatwa.

*Warren v. Ypsilanti Housing Authority*, Case No. 4:02-cv-40034 (E.D. Mich. 2003). Ansyen mennaj viktим nan te kase kay li epi li te abize l fizikman. Li te rele lapolis pou l rapòte atak la. Lè Ypsilanti Housing Authority (YHA) a te aprann konsènan atak la, li te eseye ekspilse viktим nan ak pitit gason l daprè politik zewo-tolerans pou krim li genyen an. ACLU te antame yon pousuit jidisyè kont YHA pou diskriminasyon, kote li te agimante lefètke viktим vyolans familyal yo se prèke

<sup>26</sup> Yon kopi detèminasyon an vini avèk memo sa a.

toujou fi yo ye, politik pou ekspilse viktим vyolans familyal yo akoz vyolans yo te komèt kont yomenm te gen yon enpak dispopòsyone baze sou sèks epi se vyolasyon Lwa sou Lojman Ekitab ak lwa eta a. Pati yo te rive fè yon règleman, kote YHA te dakò pou l sispann ekspilse viktим vyolans familyal daprè politik “yon sèl kou” li a epi pou l peye viktим nan lajan pou domaj.

*Bouley v. Young-Sabourin* 394 F. Supp. 2d 675 (D. Vt. 2005). Viktim nan te rele lapolis aprè mari l te atake l nan kay yo a. Li te jwenn yon enjonksyon kont mari li epi li te enfòme pwopriyetè kay la. Pwopriyetè a te pale avèk viktим nan konsènan ensidan an, li ankourage l rezoud pwoblèm nan epi chèche èd nan reliyion. Viktim nan te fè pwopriyetè a konnen li pap kite mari l retounen nan kay la epi li pat enterese nan èd reliye. Kidonk pwopriyetè a te sèvi l avèk yon notis ekspilsyon, ki deklare sa te “klè vyolans lan pral kontinye.” Nan yon desizyon sou jijman somè mosyon ensidant pati yo, tribunal la te mentni viktим nan te prezante yon ka lejitim konsènan diskriminasyon ki baze sou sèks daprè Lwa sou Lojman Ekitab la. Yo te vin regle ka a aprè.

*T.J. v. St. Louis Housing Authority* (2005). Viktim nan te andire menas ak asèlman kontinyèl aprè l te fin met fen nan yon relasyon avèk mennaj li ki t ap abize l. Mennaj li kraze fenèt apatman l lan plizyè fwa aprè l te refize kite misye rantre. Li te jwenn yon enjonksyon epi li te fè pwopriyetè l la konn sa, epi pwopriyetè a prezante bay viktим nan yon notis vyolasyon afèmaj li a pou domaj ansyen mennaj li a te koze nan apatman an epi li te oblige l peye pou domaj la, paske li di viktим nan te responsab pou sitiyasyon sa a ki te rive a. Mennaj la te finalman fòse antre nan apatman an, epi aprè viktим nan te fin sove, mennaj la te vire apatman an tèt anba. Komisyon lojman an te eseye ekspilse l akoz ensidan sa a. Viktim nan te depoze yon plent nan HUD, ki te konsilye ka a. Akò konsilyasyon an te egzije pou komisyon lojman an bay viktим nan yon lòt apatman, remèt li lajan li te peye pou fenèt yo ki te kraze a, bani ansyen mennaj li sou pwopriyete kote viktим nan abite a, epi voye anplwaye l yo al resevwa fòmasyon pou konsyantizasyon sou vyolans familyal.

*Lewis v. North End Village*, Case No. 2:07-cv-10757 (E.D.Mich. 2007). Viktim nan te jwenn yon lòd pou pwoteksyon pèsonèl kont ansyenn mennaj li ki t ap abize l. Dèmwa pase, ansyen mennaj la te eseye kase apatman an, kraze fenèt yo ak pòt devan an. Konpayi jesyon an ki te mèt apatman an te ekspilse viktим nan ansanm ak pitit li yo akoz domaj ansyen mennaj la te koze nan apatman an. Avèk èd ACLU of Michigan, li te depoze yon plent kont konpayi jesyon an nan tribunal federal, pou diskriminasyon akoz sèks daprè lwa FHAct la. Finalman ka a te regle, kote konpayi jesyon an te dakò pou l mete sou pye nouvo politik nondiskriminatwa pou vyolans familyal epi li te peye domaj monetè pou viktим nan.

*Brooklyn Landlord v. R.F.* (Civil Court of Kings County 2007). Ansyen mennaj viktим nan te kontinye ap asele, swiv epi menase l aprè viktим nan te mete fen nan relasyon yo. Nan fen mwad avril 2006, mennaj la te vini nan apatman l lan nan nuit, epi l ap frape pòt la byen fò epi l ap rele byen fò. Gad sekirite nan bilding nan viktим nan te rele pat kapab rezone avèk abizè a, ki te gen tan pati anvan lapolis vini. Yon semèn aprè, abizè a retounen nan bilding nan, li te konfwonte menm gad sekirite a epi li te tire sou li. Pwopriyetè Seksyon 8 viktим nan te sèvi l avèk yon notis ekspilsyon akoz ensidan sa a. Viktim nan te depoze yon mosyon pou yon jijman somè ki te afime defans pou ekspilsyon daprè VAWA epi li te agimante ekspilsyon an te reprezante diskriminasyon ki baze sou sèks FHAct entèdi. Pati yo te rive regle ka a kote pwopriyetè a te dakò pou l pran kèk mezi pou anpeche ansyen mennaj la rantre sou pwopriyete a.

*Jones v. Housing Authority of Salt Lake County* (D. Utah, depoze an 2007). Viktim nan te aplike pou yon koupon Seksyon 8 epi li te resevwa 1 an 2006. Limenm ak pitit li yo te vin abite nan yon kay nan Kearns, Utah pita nan ane sa a. Li te kite ansyen mari l, ki te konn abize l, vin abite nan kay la. Yon ti tan aprè ansyen mari a te vin abite nan kay la, viktим nan te vin dekouvri li te kòmanse bwè tafya ankò. Aprè l te fin fè yon gwo twou nan mi an avèk pwen li, viktим nan te mande l pou l kite kay la. Lè mari a te refize, li te fè komisyon lojman an konnen li gen entansyon kite kay la avèk pitit li yo pou l ka chape anba abi ansyen mari l la. Komisyon lojman an te oblige l pou l siyen yon notis ki tèmine asistans li t ap resevwa pou kay la. Viktim nan te mande yon odyans pou l konteste notis pou tèmine asistans li an, epi komisyon lojman an te deside li te apwopriye pou tèmine asistans li t ap resevwa a, paske li pat jamn rele lapolis pou rapòte konpòtman vyolan mari l la. Avèk èd Utah Legal Services, li te depoze yon plent nan tribunal federal kont komisyon lojman an, kote li fè konnen mete fen nan benefis li yo te vyole VAWA ak FHAct.

*Cleaves-Milan v. AIMCO Elm Creek LP*, 1:09-cv-06143 (N.D. Ill., depoze le 1ye oktòb 2009). An 2007, viktим nan te demenaje nan yon apatman nan Elmhurst, Illinois ansanm avèk fiyanse l ak pitit fi li. Anvan lontan fiyanse l te vin ap abize l, epi li te mete fen nan relasyon an. Fiyanse a te vin fache, li pote yon revòlvè epi li menase pou l touye ni tèt li ni viktим nan. Li te rele lapolis pou vin retire misye nan apatman an, epi li retire non l sou kontra afèmaj la avèk konsantman jesyon apatman an. Lè l te eseye al peye lwaye li, jesyon apatman an te fè l konnen y ap ekspilse l paske “nenpòt lè gen yon krim ki fêt nan yon apatman yo oblige ekspilse tout moun nan apatman an.” Avèk èd Sant Nasyonal sou Lwa Povrete Sargent Shriver (Sargent Shriver National Center on Poverty Law), li te depoze yon plent kont konpayi jesyon an pou diskriminasyon akoz sèks daprè Lwa sou Lojman Ekitab la.

*Ka transfè*. Viktim yo pafwa pral mande transfè nan yon komisyon lojman pou yo ka sove anba yon abizè. De ka resan te konteste refi transfè sa yo kòm diskriminasyon akoz sèks daprè Lwa sou Lojman Ekitab la, avèk rezulta ki miks.

*Blackwell v. H.A. Housing LP*, Civil Action No. 05-cv-01225-LTB-CBS (D. Colo. 2005). Ansyen mennaj viktим nan te kase apatman l lan, epi pandan plizyè èdtan, li te vyole l, bat li, epi ponyade l. Li te mande pou transfere l nan yon lòt konplèks. Jesyon biling nan te refize ba l transfè a, sa te fose l al nan kache avèk timoun li yo pandan lapolis t ap pou suiv ansyen mennaj li a. Avèk èd Colorado Legal Services, viktим nan te depoze yon plent nan tribunal federal, kote li te fè konnen lefètke yo pat ba l transfè li te mande a sa te reprezante diskriminasyon inakseptab sou baz sèks daprè yon teyori enpak dispopòsyone. Yo te regle ka a. Pwopriyetè a te dakò pou l mete sou pye yon nouvo politik sou vyolans familyal, ki entèdi diskriminasyon kont viktим vyolans familyal epi pou pèmèt viktим ki an danje fizik iminan pou yo mande yon transfè ijan pou yo ale nan yon lòt pwopriyete Seksyon 8.

*Robinson v. Cincinnati Metropolitan Housing Authority*, Case No. 1:08-CV-238 (S.D. Ohio 2008). Viktim nan te demenaje nan yon apatman lojman piblik nan Cincinnati avèk pitit li yo an 2006. Li te kòmanse frekante yon vwazen, ki te abize l fizikman plizyè fwa. Lè l te eseye mete fen nan relasyon an, vwazen an bat li gravman epi li te menase pou touye l si viktим nan te janm retounen nan apatman an. Li te jwenn yon òd pou pwoteksyon epi li te mete aplikasyon nan Cincinnati Metropolitan Housing Authority (CMHA) pou yon transfè ijan, men yo te refize ba l transfè a. Viktim nan t ap peye lwaye pou apatman an men li t ap viv avèk zanmi ak fanmi pou

rezon sekirite. Avèk èd Legal Aid Society of Southwest Ohio, viktim nan te depoze yon plent kont CMHA nan tribunal federal, kote l te fè konnen paske CMHA te refize akòde l dwa kòm okipan lòt lokatè yo genyen akoz zak abizè l la, CMHA volontèman te fè dskriminasyon kont li sou baz sèks. Tribunal la te refize mosyon li te fè pou yon enjonksyon tanporè ak enjonksyon preliminè, kote li te konkli politik CMHA pèmèt transfè nan kadijans sèlman pou viktim krim gouvènman federal la konsidere ki fèt akoz hèn men se pa pou viktim vyolans familyal. Tribunal la tou te distenge ka ekspilsyon ki baze sou vyolans familyal nan ka viktim nan,<sup>27</sup> kote l te deklare CMHA pat vyole dwa li daprè FHAct lè l te refize ba l transfè a.

#### VI. Konsiderasyon pratik lè yon moun ap travay avèk yon viktim vyolans familyal

Lè yon envestigatè ap travay avèk yon viktim vyolans familyal, li dwe sansib a sikontans inik viktim nan. Li pa sèlman yon viktim potansyèl diskriminasyon nan zafè lojman, li se yon viktim abi tou. Souvan, yon viktim ki fè fas ak ekspilsyon oswa lòt aksyon advès akoz vyolans familyal rankontre lòt enkyetid sou sekirite ki ijan tou. Li ka pè pou abizè a pa retouren vin fè limenm oswa pitit li yo mal. Yon envestigatè ta dwe gen yon ide sou resous ki disponib pou viktim vyolans familyal yo epi li ka rekòmande yon viktim pou l al wè yon òganizasyon ki bay èd oswa pou l al lapolis.<sup>28</sup> Envestigatè yo ta dwe konprann tou yon viktim ka ezite rakonte istwa li. Souvan viktim yo konn pa fè “sistèm nan” konfyans aprè yon eksperyans negatif avèk komisyon lojman yo, lapolis oswa tribinal yo. Pou envestigatè yo ka fè mennen yon envestigasyon ki efikas, yo dwe pasyan epi konpreyansif avèk viktim yo epi eseye pou yo pa parèt tankou y ap pote jijman sou viktim nan oswa parèt defansif.<sup>29</sup>

#### VII. Konklizyon

Lwa sou Vyolans Kont Fi bay kèk viktim vyolans familyal pwoteksyon kont diskriminasyon nan zafè lojman men li pa pwoteje yo kont diskriminasyon ki baze sou sèks oswa yon lòt klas ki pwoteje. Kidonk, lè yo refize bay yon viktim lojman, yo ekspilse l oswa yo te tèmine asistans li paske li te viktim vyolans familyal, nou ta dwe envestige pou detèmine si refi sa a oswa lòt aktivite vyole Lwa sou Lojman Ekitab la. Viktim yo ka prezime diskriminasyon akoz sèks, men yo ka prezime tou diskriminasyon ki baze sou lòt klas ki pwoteje, tankou ras oswa orijin nasyonal.

Yo ta dwe dirije kesyon konsènan memorandòm sa a bay Allison Beach, Biwo Asistans Sekretè Adjwen pou Aplikasyon ak Pwogram, nan (202) 619-8046, ekstansyon 5830.

<sup>27</sup> Nan desizyon li te pran ki rejte demann Robinson nan pou yon enjonksyon tanporè ak yon enjonksyon preliminè, tribunal la te site ka *Bouley, Lewis, Warren*, ak *Alvera* kòm ka ki “te rekonèt lè yo ekspilse fi yo nan sitiyasyon sa a yo sa te vin lakoz yo viktim de fwa: premyèman yo se viktim abi epi ansuit yo ekpilse yo nan kay kote yo rete a.” Od, paj 6.

<sup>28</sup> Resous nasyonal yo enkli Liy Asistans pou Vyolans Familyal, nan 1-800-799-SAFE (7233) oswa [www.thehotline.org](http://www.thehotline.org), ak [www.womenslaw.org](http://www.womenslaw.org). Nenpòt nan resous yo ka rekòmande viktim yo nan òganizasyon èd lokal ak abri epi ba yo konsèy pou yo planifye sekirite yo.

<sup>29</sup> Pou plis konsèy pou travay avèk moun ki siviv vyolans familyal, gade Loretta M. Frederick, *Effective Advocacy on Behalf of Battered Women*, The Battered Women’s Justice Project, ki disponib nan [http://www.bwp.org/files/bwp/articles/Effective\\_Advocacy\\_Battered\\_Women.pdf](http://www.bwp.org/files/bwp/articles/Effective_Advocacy_Battered_Women.pdf).

## DETÈMINASYON REZON VALAB

NON KA A: Alvera v Creekside Village Apartments  
NIMEWO KA A: 10-99-0538-8

### I. JIRIDIKSYON

Yo te depoze yon plent nan Depatman an le 22 oktòb 1999, ki fè konnen Mis Tiffani Ann Alvera, moun ki pote plent lan, te domaje akoz yon aksyon diskriminatwa repondan an, Creekside Village Apartments, yon Sosyete Kòmandite Senp nan California; asosye jeran Edward ak Dorian Mackay; The CBM Group, Inc.; ak anplwaye CBM Group Karen Mock, direktè rezidan Creekside Village Apartments, ak Inez Corenevsky, jeran k ap sipèvize pwopriyete. Plent lan fè konnen repondan yo te responsab pou yon refi diskriminatwa pou lwe ak tèm, kondisyon, privilèj oswa sèvis ak etablisman diskriminatwa, ki vyole Seksyon 804 (a) ak (b) Lwa sou Lojman Ekitab la. Aksyon diskriminatwa ki pi resan yo fè konnen te rive le 7 septanm 1999. Pwopriyete a se Creekside Village Apartments, 1953 Spruce Drive, Seaside, Oregon. Pwopriyete a pa egzante daprè Lwa a.

Repondan yo resevwa asistans finansye federal nan men Depatman Agrikilti Etazini, Devlopman Riral.

### II. ALEGASYON MOUN KI POTE PLENT LAN

Mis Alvera fè konnen le 2 out 1999, mari l te fizikman agrese l lakay yo, apatman 21 nan Creekside Village Apartments. Mari l te al nan prizon epi Mis Alvera te jwenn yon enjonksyon tanporè kont li. Le 4 out 1999, Mis Alvera fè konnen, li te resevwa yon notis pou l kite apatman an nan men jesyon an ki te deklare, daprè lwa Oregon: "Oumenm, yon moun sou kontwòl ou, oswa bêt domestik ou, te gravman menase pou enflije blesi pèsonèl, oswa te enflije blesi pèsonèl sibstansyèl sou pwopriyetè a oswa lòt lokatè yo." Notis la te presize ensidan an se te agresyon mari Mis Alvera te fè sou li. Mis Alvera te fè konnen tou aprè jeran yo te fin ba l notis la, yo te refize aksepte lajan lwaye pou mwad septanm lan. Epitou jeran yo te refize ba l yon apatman yon chanm akouche; piske mari l pa t ap viv ansanm avèk li ankò, li te kwè li pat kalifye ankò pou yon apatman de chanm akouche nan konplèks sa a USDA te sibvansyone a. Mis Alvera te fè konnen jesyon an te fè diskriminasyon kont limenm akoz sèks li paske fason yo te entèprete epi aplike lwa eta Oregon nan pou voktim vyolans familyal genyen plis enpak negatif sou fi. Li te fè konnen tou jensyon an pa t ap trete gason menm jan yo te trete l la.

### III. DEFANS REONDAN YO

Repondan yo te di kòm defans yo te bay Mis Alvera yon notis pou l kite apatman an nan 24 èdtan paske se politik yo pou yo ekspilse lokatè ki reprezante yon menas pou sekirite ak byennèt lòt lokatè nan konplèks la. Lè yon moun nan fanmi an reprezante yon menas, se tout fanmi an yo ekspilse.

### IV. REZILTA AK KONKLIZYON

Envestigasyon an te revele pwopriyete an kesyon an genyen 40 apatman epi se pwogram Devlopman Riral USDA a ki finanse l. Pwopriyete a te destine pou l sèvi rezidan ki gen revni fèb.

Envestigasyon an te jwenn Mis Alvera ak ansyen mari li, Mesye Humberto Mota, te siyen yon kontra afèmaj epi yo te demenaje nan yon apatman de chanm akouche nan konplèks la an novanm 1998. Jiska ensidan ki se sijè plent sa a, Mis Alvera pat resevwa ankenn avètisman konsènan afèmaj li a nan men repondan yo. Pandan peryòd sa a Mesye Mota te agrese Mis Alvera, ki te rele lapolis. Sepandan, repondan yo aparamman pat okouran de ensidan sa a epi yo pat pran anken mezi konsènan afèmaj yo a. An mas 1999, repondan Karen Mock te vin direktè rezidan nan Creekside Village Apartments.

Prèv la montre le 2 out 1999, apeprè vè 5:30 am, Mesye Mota te fizikman agrese Mis Alvera, sa ki te lakoz Mis Alvera al lopital. Manman li, Tamie Alvera, ki te abite nan apatman 30 nan konplèks la, apeprè vè 6:00 am, te al kote Mis Mock pou 1 ka pran yon kle pou apatman pitit fi 1 la konsa lite ka tyeke pou wè si Mesye Mota te toujou nan apatman an. Lè sa a, Tamie Alvera te di Mis Mock Mesye Mota te bat Mis Alvera. Mis Mock te ekri yon rapò ensidan epi 1 te voye 1 bay repondan Corenevsky. Envestigasyon an te revele imedyatman aprè Mis Alvera te kite lopital la, li te al chèche yon enjonksyon kont mari li, epi li te montre Mis Mock enjonksyon an. Enjonksyon an te fè konnen Mesye Mota paka kontakte Mis Alvera nan apatman kote li rete a, nan kote li travay oswa nan yon espas 100 pye de Mis Alvera, epi nonpli li pat ka kontakte 1 pa telefòn oswa pa lapòs. Enjonksyon an te fè konnen tou Mesye Mota ta gen pou 1 demenaje sot nan apatman an epi li pa ta dwe retounen ladan 1. Mis Alvera te diskite avèk Mis Mock nesesite pou 1 retire Mesye Mota nan kontra afèmaj la.

Envestigasyon an te revele ankò Mis Mock te jwenn enstriksyon nan men Mis Corenevsky pou 1 tèmine kontra afèmaj Mis Alvera a epi pou ba 1 yon notis ekspilsyon pou koz pou 1 soti sou 24 èdtan. Le 4 out 1999, CBM Group te bay Mis Alvera ak Mesye Mota yon notis 24 èdtan. Notis la te deklare: "Oumenm, yon moun sou kontwòl ou, oswa bêt domestik ou, te gravman menase pou enflije blesi pèsonèl, oswa te enflije blesi pèsonèl sibstansyèl sou pwopriyetè a oswa lòt lokatè yo." Notis yo te presize: "Le 2 out 1999 apeprè vè 6 a.m. Humberto Mota daprè kèk enfòmasyon te fizikman atake Tiffani Alvera nan apatman yo a. Aprèsa, yo te rele lapolis."

Envestigasyon an te etabli le 4 out 1999, Mis Alvera te fè yon aplikasyon pou yon apatman yon chanm akouche nan konplèks la paske nan lè sa a te gen sèlman yon manm nan fanni an. Prèv la montre repondan yo te rejte aplikasyon sa a akoz ensidan vyolans familyal epi se pou ensidan sa a Mis Alvera te resevwa notis 24 èdtan an. Prèv la te montre apatman 18, yon apatman ki gen yon chanm akouche, epi se nan apatman sa a Mis Alvera te evantyèlman demenaje al ladan 1, te disponib le 4 out 1999. Le 8 out 1999, Mis Alvera te fè yon dezyèm aplikasyon pou yon apatman yon chanm akouche. Le 2 novanm, Mis Alvera siyen yon kontra afèmaj pou yon apatman yon chanm akouche, kote li te abite jiskaske yo te vin ekspilse 1 pita pou lòt rezon ki pa dirèkteman gen rapò ak alegasyon ki nan plent sa a.

Prèv la te revele ankò le 6 out 1999, Mis Mock te refize aksepte lajan lwaye Mis Alvera a pou mwad out la. Repondan yo te kominike avèk Mis Alvera jiska kòmansman mwad septanm 1999 pou fè 1 konnen yo te gen entansyon pouswiv yon aksyon FED kont limenm. Le 26 oktòb 1999, yon avoka ki reprezante repondan yo te ekri Mis Alvera "konsènan kontra afèmaj [apatman 21]." Lèt la te deklare:

"Kòm ou konnen, te gen yon ensidan vyolans resan ki te pase ant oumenm ak yon lòt manm nan fanmi w. Konpreyansyon nou sèke ou te pran kèk mezi pou asire yon ensidan konsa pap rive ankò.

Lèt sa a se pou fè w konnen Creekside enkyete l anpil sou efè konduit sa a genyen sou lòt lokatè nan pwopriyete a. Konduit ou ak konduit lòt lokatè a pwobableman ta va reprezante motif pou tèmine kontra afèmaj ou a. Li klè, Creekside pa ta renmen pran mezi sa a.

Lèt sa a se pou fè w konnen si evènman ki sot pase yo ki dekri anwo a ta va rive ankò, Creekside pap gen ankenn lòt chwa eksepte pou l ekspilse w. Nou mande kooperasyon w pou kontinye mentni yon enjonksyon oswa pou oumenm pran nenpòt aksyon ki nesesè pou asire ou swiv règ ki nan kontra afèmaj ou a.”

Pa gen ankenn diskisyon sou sa, sèl rezon ki fè repondan yo te bay notis 24 èdtan an se te akoz ensidan vyolans familyal sa a. Prèv la montre pa gen ankenn lòt lokatè ki te plenyen bay repondan yo pou fè yo konnen ensidan sa a te deranje yo oswa yo te blese oswa yo te pè pou yo pa blese akoz ensidan an. Mis Mock te deklare aprè Mis Alvera te fin kite apatman an, yo te dekovri yon twou nan mi an, ki te ka rezulta agresyon Mesye Mota a, men li te vin aprann konsènan domaj sa a lontan aprè yo te fin bay notis 24 èdtan an epi li pa t rapòte bay siperyè l yo zafè twou nan mi an.

Envestigasyon an pa t etabli yo te trete Mis Alvera diferamman de lòt lokatè gason nan menm sitiayson an. Pa t gen ankenn lokatè gason ki te nan menm sitiayson an. Prèv la ta revele tou te genyen omwen twa lòt ensidan vyolans familyal nan Creekside Village Apartments, tout te enplike viktim ki se fi, men repondan yo te sèlman okouran de ensidan out 1999 ki te enplike Mis Alvera. Prèv la te montre repondan yo te bay twa lòt notis 24 èdtan. Youn se te pou aktivite kriminèl, youn se te paske INS te pran tout fanmi an al avèk li, epi youn se te paske yon lokatè te menase lòt lokatè avèk yon bwa bezbòl. Prèv la te montre tou direktè rezidan an te fè sis rapò ensidan bay siperyè l yo pandan peryòd ki soti 1ye jen 1999 pou rive 31 janvye 2000. Sèl rapò ensidan ki enplike vyolans familyal oswa lòt kalite vyolans, se ensidan ki te enplike Mis Alvera.

Se politik repondan yo, repondan Corenevsky te eksprime, kote genyen ankenn menas oswa zak vyolans yon lokatè, oswa yon vizitè yo fè, y ap tèmine kontra tout fanmi an. Li te fè konnen pwopriyete ki an kesyon an genyen yon “zewo tolerans” pou vyolans oswa menas vyolans, epi ADA/504 Koòdinatè pou CBM Group te afime politik sa a. Mis Corenevsky te deklare: “Kòm se souvan sa k pase nan yon sitiayson vyolans familyal, viktim nan pa pran kèk mezi pou anpeche zak vyolans yo repete, sa soumèt lòt lokatè yo pou yo wè ak de je yo sèn nan k ap dewoule ankò e ankò. Rezon ki fè nou pran pozisyon sevè sa a sou pwoblèm vyolans se pou nou ka mentni yon anviwonnantrankil pou tout lokatè yo.”

Nan tout peyi a, chak ane apati 1992 jiska 1996 apeprè 8 fi sou 1,000 epi 1 gason sou 1,000 te viktim vyolans nan men yon konjwen oswa ansyen konjwen, mennaj fi oswa mennaj gason. Statistik nasyonal yo montre tou, byenke yo gen mwens chans pase gason pou viktim krim vyolan anjeneral, fi gen 5 a 8 fwa plis chans pase gason pou yo tonbe viktim nan men yon moun ki entim avèk yo. Lòt etid nasyonal te jwenn fi gen jiska dis fwa plis chans pase gason pou yo tonbe viktim nan men yon moun ki entim avèk yo.

Statistik nasyonal yo montre 90% a 95% viktim vyolans familyal se fi. Daprè estimasyon nasyonal yo genyen omwen yon milyon fi pa ane ki viktim vyolans familyal. An 1998 yon Evalyasyon sou Bezwen nan Vyolans Familyal nan Oregon te deklare gen plis pase yon fi sou uit (13.3 %) nan eta a ki te viktim abi fizik nan men yon moun ki entim avèk yo nan ane ki te pase a. Prèv yo te jwenn

pandan envestigasyon an te montre 93% viktim vyolans familyal yo te rapòte nan Konte Clatsop an 1999 se te fi. Evalyasyon sou Bezwèn nan Vyolans Familyal ane 1998 nan Oregon nan te konpare statistik Oregon yo avèk statistik nasyonal yo sou prevalans vyolans familyal epi li te jwenn yo konparab. Etid nasyonal ki utilize menm metodoloji a te rapòte gen ant 1 fi sou 9 jiska 1 fi sou 12 ki te viktim agresyon fizik nan men yon patnè entim nan ane ki te pase a. Sa konpare avèk konklizyon etid Oregon nan kote 1 fi sou chak 10 te viktim agresyon fizik.

Statistik sa yo demonstre politik repondan yo kote yo ekspilse tout manm yon fanmi akoz yon ensidan vyolans familyal, kèlkanswa si manm fanmi an se yon viktim oswa moun ki komèt vyolans lan, genyen yon efè advès ki baze sou sèks, akoz kantite dispopòsyone fi ki se viktim vyolans familyal.

Repondan yo te soulve plizyè rezon pou politik yo a. Yon rezon repondan yo avanse se nesesite pou pwoteje lòt lokatè yo de menas vyolans oswa vyolans epi pou anpeche yo deranje lokatè yo nan apatman yo. Sepandan, prèv la pa sipòte rezon sa a. Nan ka Mis Alvera a, pat gen ankenn lòt lokatè ki te plenyen konsènan ensidan an epi prèv la montre sèl lokatè ki te okouran de ensidan an se te manman Mis Alvera. Pat gen ankenn dosye sou plent lòt lokatè oswa rapò ensidan ki gen rapò ak vyolans familyal, byenke prèv la montre te gen lòt ensidan vyolans familyal ki te rive nan konplèks la. Anplis de sa, pat gen ankenn prèv nan envestigasyon an pou sipòte yon ipotèz kote genyen yon pi gwo pwobablite moun ki vwazinaj imeda yon fanmi ki gen ensidan vyolans familyal pral yomenm tou vin viktim vyolans sa a.

Repondan yo te agimante tou politik yo ann amoni avèk règ Devlopman Riral yo konsènan pwopriyete ajans sa a finanse. Devlopman Riral te mete ann aplikasyon regilasyon ak pwosedi ki fè konnen: "Aksyon oswa konduit lokatè a oswa manm ki deranje kalite lavi pwojè a lè moun nan se yon menas dirèk pou sante oswa sekirite nenpòt moun, oswa dwa nenpòt lokatè oswa manm genyen pou yo jwi lapè sou pwopriyete a..." se motif pou tèmine kontra afèmaj la. Sepandan, règ ak politik Devlopman Riral la fè konnen tou: "Se pa entansyon nou pou dispozisyon vyolasyon materyèl kontra afèmaj la aplike a manm ki inosan nan yon fanmi ki pa angaje l nan aktivite ilegal, ni nonpli ki pa responsab pou kontwòl yon lòt manm fanmi an oswa yon envite." Reprezantan Devlopman Riral la ki responsab pou siveyans Creekside Village Apartments te deklare règ la pwoteje pati ki inosan yo.

Repondan Corenevsky te deklare tou yon rezon ki fè repondan yo ekspilse tout moun nan fanmi an se paske yon enjonksyon tanporè (TRO) pa fè vyolans lan sispann, epi anpil gason pa pè enjonksyon tanporè yo (TRO). Rezulta etid nasyonal yo sou efikasite enjonksyon nan prevansyon ensidan vyolans familyal alavni yo miks. Yon etid te montre nan sis mwa aprè yo bay yon enjonksyon, 65% nan fi ki te jwenn enjonksyon an te rapòte yo pa gen ankenn lòt pwoblèm vyolans familyal aprè sa. Yon lòt etid te montre te gen ensidans vyolans ki te rive menm aprè yon moun te gen yon enjonksyon. Sepandan, rezon repondan yo bay baze sou jeneralizasyon twò laj ki pa pran an konsiderasyon ni sikontans endividyle lokatè fi ki viktim nan ni tout mezi li ka te pran pou anpeche vyolans la repete. Pa egzanp, nan ka Mis Alvera, Mesye Mota te al nan prizon, aparamman aprè sa li te kite peyi a, epi li pa t gen ankenn lòt kontak avèk Mis Alvera.

Lè repondan yo te bay notis 24 èdtan an, aparamman yo te apiye tou sou lwa Eta Oregon, ORS 90.400(3), ki pèmèt pwopriyetè yo bay yon lokatè yon notis pou l kite pwopriyete a nan 24 èdtan si pwopriyetè a oswa lòt lokatè ta gen blesi pèsonèl grav. Sepandan, lwa sa a, ak istwa lejislatif ki fè

yo te pase 1, pat fèt pou te aplike a viktim vyolans ki inosan. Pandan pwosesis lejislatif la temwen yo te temwaye: "Genyen enkyetid espesyalman pou fi ki viktim agresyon yo ka ekspilse daprè dispozisyon sa a akoz konduit eskandale yon mennaj ki abizif; y ap viktim de fwa; mennaj yo bat yo, epi aprèsa yo ekspilse yo akoz abi mennaj la."


Lè nou gade prèv la angwo, li etabli yon politik kote yo ekspilse viktim vyolans familyal ki inosan akoz vyolans sa a, sa genyen yon enpak advès ki dispopòsyone sou fi epi prèv la pa sipòte rezon repondan yo bay ki se rezon biznis, sante ak sekirite.

#### V. KONKLIZYON

Pou rezon ki sot site yo, Depatman an jwenn koz valab pou l kwè moun ki pote plent lan te viktim diskriminasyon akoz sèks li epi sa vyole Lwa sou Lojman Ekitab la. Yon kopi Rapò Envestigasyon Final la disponib sou demann lè yo ekri pou voye mande l nan Fair Housing Hub, Northwest/Alaska Area, U.S. Department of Housing and Urban Development, 909 First Avenue, Suite 205, Seattle, Washington 98104.

4/13/01

Dat



Judith A. Keeler

Direktè, Seattle Fair Housing Hub